



Pou Piblikasyon Imedyat: 20 oktòb 2011

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON NAN MTA AK NAN TRANSPÒ

Joseph Lhota pral jwenn Nominasyon li kòm Prezidan ak Direktè Jeneral MTA; Nuria Fernandez pral jwenn nominasyon li kòm COO (Direktè Eksplwatasyon) MTA; Karen Rae Pral Travay kòm Sekretè-Adjwen Gouvènè a nan Sèvis Transpò

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon ekip tounèf pral alatèt entèkansyon eta a nan sèvis transpò a. Gouvènè a pral lonmen Joseph J. Lhota pou travay kòm prezidan ak Direktè Jeneral Metropolitan Transportation Authority (MTA). Nominasyon Mesye Lhota se te rekòmandasyon Komite Konsiltatif Rechèch MTA Gouvènè a. Nuria Fernandez pral travay kòm Direktè Eksplwatasyon MTA. Gouvènè a pral lonmen Karen Rae pou travay kòm Sekretè-Adjwen Sèvis Transpò nan Biwo Gouvènè a.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Mwen kontan aksepte rekòmandasyon kokennchenn komite rechèch la, epitou mwen kontan lonmen Joe Lhota kòm pwochen prezidan ak Direktè Jeneral MTA. Joe Lhota ap pote nan djòb la yon eksperyans siperyè nan jesyon, nan gouvènman, ak nan sektè prive, ak yon angajman pandan lontan nan sèvis piblik la k ap nan avantaj tout vwayajè yo. Mwen pa ka tann pou nou travay ansanm, pandan n ap kontinye fè refòm nan MTA, diminye depans yo, epitou amelyore sèvis la pou Nouyòkè yo. Mwen di mèsè pou manm Komite Konsiltatif Rechèch MTA yo pou ekselan travay yo ak evalyasyon apwofondi yo."

Joseph Lhota di konsa, "Anpil milyon Nouyòkè depannde MTA chak jou, epitou yo merite yon sèvis ki pi rantab ak efikas. Pandan tout karyè mwen nan sektè piblik ak nan sektè prive, mwen te kòmanse refòm ki baze sou pèfòmans epi ki diminye depans yo, epitou mwen pa ka tann pou pote menm pwòch sa a nan MTA. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsè pou opòtinite enteresan an li ban mwen pou sèvi pèp New York la."

Komite Konsiltatif Rechèch MTA Gouvènè a te fè yon rechèch nasyonal pou jwenn ak rekòmande kandida ki gen plis talan pou travay kòm prezidan ak Direktè Jeneral MTA. Komite konsiltatif la te gen ladan espè prensipal nan sèvis transpò piblik ak pwofesyonèl jesyon nan sektè piblik ak sektè prive. Yo te angaje Krauthamer & Associates, yon ajans ki espesyalite nan rechèch ak anbochaj anplwaye siperyè, pou ede nan pwosesis la. Nominasyon Gouvènè pou yon prezidan ak Direktè Jeneral MTA depannde konfimasyon Sena a. Mesye Lhota ap gen pou vini kòm Direktè Jeneral pwovizwa nan yon mwa. Gouvènè a pral rekòmande rediksyon konpansasyon pou Mesye Lhota a 5 pousan nan nivo anvan an.

Mesye Lhota t ap travay kòm Majistra Adjwen Vil New York pou Operasyon nan administrasyon Majistra Rudolph Giuliani, kote li t ap sipèvizè kontwòl minisipalite vil la chak

jou, epitou li t ap sipèvize ajans vil la. Li t ap travay tou kòm Direktè Bidjè, kote li t ap jere 36 milya dola bidjè eksplwatasyon Minisipalite vil la, ak 45 milya dola bidjè envestisman an, li te diminye depans yo, li te alatèt re-òganizasyon ak gwoupman ajans yo, epitou li t ap egzekite planifikasyon estratejik ki baze sou pèfòmans. Mesye Lhota t ap travay tou kòm Manm Komisyon Finans pou Vil New York, epi li te yon Manm Konsèy Administrasyon MTA.

Mesye Lhota ap travay kounye a kòm Vis-Prezidan Egzekitif, Administrasyon pou Madison Square Garden Company. Men kèk eksperyans li genyen anvan nan sektè prive a: Vis-Prezidan Egzekitif Corporate Administration for Cablevision, Direktè Finans Piblik pou First Boston, ak Administratè Delege Municipal Securities Group pou PaineWebber Incorporated.

Mesye Lhota te resevwa M.B.A. li nan Harvard Business School, epi li te gradye avèk masyon nan Georgetown University. Li te fèt nan Bronx, li te grandi nan Long Island, epi l ap viv kounye a nan Brooklyn. Li se pitit gason yon lyetnan retirete Depatman Lapolis New York, ak pitit-pitit gason yon ponpye Depatman Ponpye Vil New York, ak yon chofè taksi Vil New York.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Nuria Fernandez pral pote nan MTA anpil eksperyans li genyen nan sektè prive ak sektè piblik. Pandan tout karyè enpresyonan li, li te planifye ak amelyore sistèm transpò yo toupatou sou latè. Mwen kontan poutèt espètiz ak talan li yo pral nan avantaj Nouyòkè yo kounye a avèk pozisyon li nan MTA.”

Nuria Fernandez pral travay kòm Direktè Eksplwatasyon MTA. Pou kounye a, li se Vis-Prezidan Direktè CH2M Hill, yon antrepriz ki ofri sèvis jeni, sèvis konstriksyon, ak sèvis operasyon pou biznis ak gouvènman yo ki toupatou sou latè. Nan pozisyon sa a, Madam Fernandez te responsab pou devlope planifikasyon estratejik antrepriz ak pratik konsiltasyon ki konsantre sou anviwònman lavi, epitou pou devlope solisyon dirab pou gran kominote iben miks yo. Madam Fernandez t ap travay anvan kòm Manm Komisyon Sistèm Ayewopò Chicago, kote li t ap dirije tout operasyon ayewopò a, sèvis planifikasyon, sèvis jeni, ak sèvis jesyon pou Ayewopò Entènasyonal O'Hare ak Midway, dezyèm sistèm ayewopò ki gen plis aktivite sou latè. Li t ap travay tou nan pozisyon egzekitif nan Depatman Transpò Etazini, nan Washington Metropolitan Area Transit Authority, ak Chicago Transit Authority.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Karen Rae ap pote prèske twa peryòd dizan eksperyans avèk tout pwoblèm ki asosye avèk sèvis transpò nan Biwo Egzekitif la. Li te travay nan tout nivo gouvènman an, epitou li konnen kijan pou jere sistèm transpò yo san pwoblèm, avèk efikasite, epi nan limit bidjè yo. Ansanm, n ap kontinye amelyore sistèm transpò New York pou yo kapab pi byen sèvi anpil milyon moun ki depannde yo chak jou.”

Karen Rae pral travay kòm Sekretè-Adjwen Transpò Gouvènè a. Nan mwa mas 2009, Administrasyon Obama a te lonmen Madam Rae kòm Administratè Adjwen Administrasyon Federal Chemennfè. Nan pozisyon sa a, Madam Rae te jere aksyon federal la nan sistèm tren a gran vitès. Li te jere tou pwogram sekirite jeneral ak aksyon kontwòl yo, epitou li te devlope politik chemennfè nasyonal pou pasaje ak pou machandiz. Madam Rae t ap travay anvan kòm Manm Komisyon Adjwen Politik ak Planifikasyon nan Depatman Transpò Eta New York, kote li te responsab pou aktivite sipò ak finans. Li t ap travay tou kòm Sekretè-Adjwen pou Sèvis Transpò Lokal ak Zòn nan Depatman Transpò Pennsylvania, kote li te kreye yon pwogram

finansman senp pou transpò komen ki baze sou pèfòmans. Li t ap travay tou kòm Direktè Depatman Chemennfè ak Transpò Piblik Virginia, epi kòm direktè oswa manadjè jeneral sistèm transpò komen nan Austin, Texas, nan Glens Fall, New York, ak nan Buffalo, New York.

Dirijan Majorite Sena a, Dean Skelos, di konsa, “Nominasyon Joe Lhota jodi a kòm Prezidan MTA vini nan yon moman enpòtan pou MTA, epi yon fwa ankò sa montre enpòtans transpò komen nan Vil New York ak nan tout reyon sèvis la pou 12 konte yo. MTA gen anpi difikilte enpòtan ki bezwen rezoud, tankou jwenn yon fason pou elimine gwo taks sou pewòl MTA. Mwen, ansanm avèk Senatè Fuschillo, Prezidan Transpò Sena a, ak lòt manm nou yo, nou pa ka tann pou resevwa ak evalue nominasyon Gouvènè a, epitou pou nou konnen Joe Lhota pi byen pandan pwochen pwosesis konfimasyon an.”

Manm Komite Konsiltatif Rechèch MTA Gouvènè a te montre sipò yo pou ekip tounèf ki pral alatèt entèvansyon leta nan sèvis transpò a:

Mortimer Downey, Ansyen Sekretè-Adjwen Depatman Transpò Etazini, di konsa, “Mwen di Gouvènè Cuomo mèsè pou opòtinite pou sèvi nan Komite Konsiltatif Rechèch MTA. Menmsi nou te evalue anpil kandida kalifye ak enpresyonan, Joseph Lhota te montre li gen anpil konesans ak eksperyans ki nesèsè pou li travay kòm Prezidan ak Direktè Jeneral MTA, epitou nou fyè pou rekòmande li.”

Fernando Ferrer, Manm Konsèy Administrasyon MTA, di konsa, "Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li chwazi Joe Lhota kòm nouvo Prezidan ak Direktè Jeneral MTA. Apre yon pwosesis rechèch ki te long, kote nou te evalue anpil bon kalite pwofesyonèl sèvis transpò piblik, nou te wè aklè se Mesye Lhota ki te pi bon kandida pou pozisyon an. Li se yon fonksyonè devwe ki gen espètiz enkonparab nan biznis ak nan gouvènman, epitou li pral pote anpil enèji ak vizyon nan MTA. Mwen kontan anpil tou avèk chwa Nuria Fernandez pou travay kò Direktè Eksplwatasyon MTA. Madam Fernandez gen anpil eksperyans nan travay sou sistèm transpò konplèks toupatou sou latè. Eksperyans li nan sektè piblik ak sektè prive a pral reprezante yon aktif enpòtan pandan MTA ap fè pwogrè pou satisfè bezwen pi gwo zòn nan Vil New York.”

Denis Hughes, Prezidan New York State AFL-CIO, di konsa, "Avèk nominasyon sa a, Gouvènè Cuomo chwazi yon dirijan piblik nou rekonèt ki pral travay di pou asire objektif prensipal MTA se pou sèvi tout Nouyòkè yo okonplè. Nan moman fiskal difisil sa yo, kalite dirijan Joseph Lhota pral reprezante yon diplis enpòtan pandan MTA ap travay pou ekilibre bidjè li yo, epitou pou amelyore sèvis la pou vwayajè yo.”

Mitchell Moss, Direktè Rudin Center for Transportation Policy and Management, di konsa, "Lè Gouvènè Cuomo te kreye Komite Konsiltatif Rechèch sou MTA, nou te gen responsablite pou chèche tout kote nan peyi pou jwenn pi bon kandida a pou fè kokennchenn travay sipèvizyon Metropolitan Transit Authority. Joseph Lhota se kandida sa a, epi mwen bat bravo poutèt Gouvènè Cuomo chwazi li kòm nouvo Prezidan ak Direktè Jeneral.”

Richard Ravitch, Ansyen Gouvènè Adjwen New York, di konsa, "Kandida ideyal pou dirije MTA gen eksperyans nan finans, nan biznis, ak nan gouvènman, epitou li enterese anpil nan

sèvis piblik. Joe Lhota satisfè tout kritè sa yo, epitou mwen pa kapab panse a okenn lòt moun ki pi byen apwopriye pou pozisyon enpòtan sa a.”

Bill Rudin, Prezidan Association for a Better NY, di konsa, “Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li lonmen Joseph Lhota pou dirije MTA. Antan yon manadjè ak fonksyonè ki gen eksperyans, Mesye Lhota pral travay chak jou pou diminye depans yo, epi pou relanse enfrastrikti enpòtan an, pandan l ap konsidere vwayajè yo kòm yon priyorite. Anpil milyon Nouyòkè yo depannde MTA chak jou, epi ansanm avèk Gouvènè Cuomo ak Mesye Lhota, n ap kontinye amelyore sèvis transpò piblik la isit la nan New York.”

Gene Russianoff, Avoka Prensipal pou NYPIRG Straphangers Campaign, di konsa, “Joe Lhota pral pran youn nan djòb ki pi difisil nan gouvènman an, epitou nan youn nan moman ekonomik ki pi difisil nan Lamerik. Straphangers Campaign kwè li gen eksperyans finansye, eksperyans politik, ak eksperyans nan jesyon ki nesèsè pou li vin yon bon Prezidan ak Direktè Jeneral MTA. Pasaje yo ap konte sou li, epitou y ap jije li sou reyalyasyon li fè sou non yo.”

Desmond Ryan, Direktè Egzekitif Association for a Better Long Island, di konsa, “Anpil milyon Nouyòkè yo depannde MTA pou fonksyone yon fason ki rantab epitou avèk efikasite chak jou, epi pa gen yon moun ki pi byen ekipe pase Joseph Lhota pou asire MTA ap travay. Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li chwazi yon dirijan sèten ki gen eksperyans pou vin alatèt MTA.”

Thomas Schwarz, Prezidan SUNY Purchase, di konsa, "Joseph Lhota gen anpil eksperyans administratif ak konesans apwofondi gouvènman leta ak gouvènman lokal la te bezwen pou vin yon manadjè efikas pou MTA. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li chwazi fonksyonè veteran sa a pou vin alatèt yon òganizasyon enpòtan konsa.”

Robert Yaro, Prezidan Regional Plan Association, di konsa, "Joseph Lhota pral travay pou fè MTA fonksyone avèk plis rannman, epitou pou pi byen sèvi anpil Nouyòkè ki itilize sèvis transpò piblik la chak jou. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li chwazi yon manadjè ki gen pridans fiskal epi ki gen anpil eksperyans pou dirije MTA, epitou pasaje ki toupatou nan New York pral jwenn avantaj nan kalite dirijan Mesye Lhota."

Stanley Brezenoff, Prezidan ak Direktè Jeneral Continuum Health Partners, ansyen Direktè Egzekitif Otorite Pò New York ak New Jersey, ak ansyen Premye Majistra Adjwen Vil New York City, di konsa, "Kòm yon moun ki responsab sou plan fiskal, dirijan piblik ki renmen enspire, Joseph Lhota se yon kokennchenn chwa pou pwochen prezidan MTA. Nouyòkè yo merite yon sistèm transpò komen ki pa chè ak byen antreteni, epi anba kalite dirijan Lhota, premye priyorite MTA se pral anpil pasaje ki depannde sèvis transpò piblik la chak jou. Mwen bat bravo pou chwa sa a Gouvènè Cuomo a fè a."

###

*W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418*